Kourye Entèn Ofisyèl Massachusetts

Fòmilè Anrejistreman Elektè

William Francis Galvin
Sekretè Commonwealth

Enstriksyon

- Konfime sitwayènte w nan pati anwo fòmilè annapre a.
- Bay non w, adrès rezidans konplè w ak dat nesans ou. Ou pa gendwa sèvi ak yon Bwat Postal kòm adrès rezidansyèl ou.
- Si w genyen yon adrès rezidansyèl ki pa konvansyonèl, sèvi ak kat la pou lokalize adrès rezidansyèl ou.
- Bay nimewo lisans Massachusetts ou nan seksyon Idantifikasyon an. Si w pa genyen youn, bay dènye 4 chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si w pa genyen ni youn ni lòt, ekri "None."
- Chwazi yon pati. Si w pa swete enskri nan yon pati, tcheke "Ankenn Pati (Pa Enskri)." Pou w enskri nan yon deziyasyon politik, tcheke "Deziyasyon Politik" epi ekri non deziyasyon an.
- Si w pa kapab siyen fòmilè sa a akoz yon andikap oswa enkapasite pou w li fòmilè a, moun k ap asiste w la gendwa siyen non w, nan prezans ou. Moun sa a dwe bay pwòp enfòmasyon pa li tou.
- Siyen epi mete dat sou fòmilè sa a epi soumèt li nan biwo eleksyon lokal nan vil/meri w la.
- Fòmilè sa a dwe tenbre oswa livre an pèsòn o mwen **10 jou avan eleksyon** oswa reyinyon vil ou swete vote ladann nan.

Kalifikasyon

Ou gendwa sèvi ak fòmilè sa a:

- Enskri pou w vote oswa pre-anrejistre pou w vote
- UMete ajou adrès, non, oswa pati w

Pou w sèvi ak fòmilè sa a:

- Yon sitwayen ameriken
- Genyen pou pi piti 16 lane (ou dwe genyen 18 lane pou w vote)
- Yon rezidan Massachusetts
- Yo pa t enkasere w pou yon deli
- Yon òdonans tribinal pa t diskalifye w pou w vote

Egzijans Idantifikasyon

Yo pral verifye nimewo Idantifikasyon w bay nan fòmilè sa a nan Rejis Veyikil a Motè oswa Administrasyon Sekirite Sosyal. Si yo pa kapab verifye nimewo sa a, yo pral mande w prezante yon Idantifikasyon k ap montre non ak adrès ou nan dat oswa anvan Jou Eleksyon an.

Sanksyon pou Anrejistreman Ilegal

Sanksyon pou anrejistreman ilegal se yon amand ki pa depase $10,000 oswa anprizònman ki pa depase 5 ane, oswa tou de. M.G.L. c. 56 § 8



Sèvi ak repè, desine lokalizasyon kote w ap viv si w pa kapab esplike adrès ou tankou yon nimewo ak ri.

Sitwayènte: Èske w se yon Sitwayen Etazini Amerik? ☐ Wi ☐ Non
REMAK: Si se "Non," pa ranpli fòmilè sa a.

Non _____
siyati *non* *dezyèm non* *sifiks*

Ansyen Non *(Si sa aplikab)* _____
siyati *non* *dezyèm non* *sifiks*

Adrès Rezidansyèl _____

Adrès Postal *(si li diferan)* _____

Dat nesans *mm/jj/aaaa* _____

Idantifikasyon _____

Telefòn *(ochwa)* _____ ☐ Ki pa enskri

Enskripsyon nan Pati ☐ Demokrat ☐ Repibliken ☐ Ankenn Pati (pa enskri)
☐ Deziyasyon Politik (ekri non): _____

Antre Adrès Enskripsyon Anvan w lan *(si genyen)* _____

Moun K ap Asiste w la *(si sa aplikab)* _____
non *adrès* *nimewo telefòn (ochwa)*

Sèman: Mwen sèmante (afime) ke mwen se moun ki genyen non li ekri anvan an, ke enfòmasyon ki anvan an se verite, ke **MWEN SE YON SITWAYEN AMERIKEN**, ke mwen genyen omwen 16 lane, ke mwen pa yon moun ki gen yon gadyen ki entèdi enskripsyon mwen pou m vote, ke lalwa pa kalifye mwen pou m vote akoz pratik kòwonpi, ke mwen pa enkasere akoz kondanasyon pou yon krim, epi mwen konsidere rezidans sa a se lakay mwen. Siyen anba sanksyon fo temwayaj.

Siyati _____ Dat *mm/jj/aaaa* _____

Rev. 2/6/25

Adrès Retou

_____

_____

_____

Mete

So a

La a

Board of Registrars or Election Commission

City or Town Hall

MA

VIL OU *KÒD POSTAL POU VIL OSWA MERI*

Pliye la a

Mete tep la a